



Pou Piblikasyon Imedya: 10/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 2.4 MILYON DOLA POU TÈMINE NETWAYAJ SIS SIT KONTAMINE

*Pwopriyete ki nan Syracuse, Bedford, Newburgh, Rome, ak Fulton pral patisipe nan pwogram retablisman anviwònman Eta a*

*Sibvansyon yo ede minisipalite yo netwaye sit ki kontamine yo, pwoteje kominote yo, epi ranfòse ekonomi lokal yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 2.4 milyon dola nan sibvansyon pou ede senk minisipalite netwaye kontaminasyon nan sis sit yo sible pou redevlopman. Vil Syracuse, vil Bedford, vil Newburgh, vil Wòm, ak vil Fulton yo chak pral resevwa finansman atravè Pwogram Restorasyon Anviwòmantal (Environmental Restoration Program, ERP) Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a, ki ede gouvènman lokal yo netwaye sit ki gen kontaminasyon istorik epi ji remete pwopriyete yo nan itilizasyon pwodiktif.

"Administrasyon mwen an angaje nan pouwit kontinyèl nan restorasyon anviwòmantal ak ekonomik nan chak kwen nan eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen te grandi toupre yon izin asye ki te fè Lake Erie tounen yon depotwa pou fatra toksik e mwen konnen pèsonèlman pouvwa ak potansyèl pwojè netwayaj tankou sa yo genyen pou transfòme yon kominote. Pwojè sa yo pral bay yon nouvo lavi nan kominote yo ke yp te inyore twò lontan lè yo transfòme sit ki kontamine e ki pa ka itilize yo an motè pwodikтивite ekonomik."

Pwogram Restorasyon Anviwòmantal (ERP) la te kreye an 1996 epi li bay sibvansyon pou ranbouse depans ki elijib yo nan pwopriyete minisipal yo pou ede pwomouvwa redevlopman. Depatman Konsèvasyon Anviwònman (DEC) Eta a sipèvize netwayaj ERP yo, ak yon total 140 sit ke yo te konplete jiska dat. Finansman pou sibvansyon yo se sitou atravè Kont Netwayaj Fatra Danjere Eta a kote yo itilize jiska 10 milyon dola pa ane pou envestige ak netwaye sit ERP yo nan kominote yo atravè eta a. Vil Syracuse, vil Bedford, vil Newburgh, vil Wòm, ak vil Fulton yo chak pral antre nan akò finansman ak DEC, ak minisipalite a ki responsab yon pòsyon 10 pousan nan pri pwojè a.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwòmantal la, Basil Seggos, te deklare,** "Pwogram Restorasyon Anviwònman nou an se youn nan plizyè resous ki pote sikse

Eta New York itilize pou ankouraje investigasyon ak netwayaj sit ki kontamine yo atravè eta a pou kominote yo ka reremete pwopriyete sa yo nan itilizasyon pwodiktif epi adrese risk potansyèl sante ak anviwònmantral yo. Alafwa ak amelyorasyon enpòtan yo te fè pandan bidjè a nan Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl (Brownfield Cleanup Program, BCP) la ak anons ERP jodi a pou sis kominote sa yo, Gouvènè Hochul kontinye ede revitalize katye yo epi bati kominote ki pi solid, ki pi an sante."

Pou konplete travay netwayaj ki finanse piblikman ke minisipalite yo fè atravè ERP a, Bidjè Eta yo Adopte pou Ane Fiskal 2023 Gouvènè Hochul la te pwolonje ak elaji Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl (BCP) Eta New York la, ki ede ankouraje investisman prive nan redevlopman pwopriyete ki kontamine yo. Bidjè a te re-otorize pwogram nan pou 10 ane epi amelyore BCP la lè li ankouraje netwayaj nan kominote ki defavorize yo. Anplis de sa, pwogram lan reyafime angajman Gouvènè Hochul pou devlopman lojman abòdab nan elaji inivè pwogram lojman abòdab yo pou kredi fiskal sou pwopriyete BCP, sa ki bay benefis vital pou ankouraje reyamenajman teren endistriyèl ki p ap itilize yo pou tounen lojman abòdab endispansab. Mete sou sa, BCP kounye a ankouraje devlopman kèk sit enstalasyon enèji renouvlab, avèk nouvo kredi fiskal, pou ede konsantre sou reyamanejman ki oryante vè BCP epi satisfè objektif klimatik anbisyè Eta a yo.

Pwojè k ap resevwa finansman kòm yon pati nan dènye seri sibvansyon ERP yo enkli:

### **Konte Oneida**

#### **Vil Rome: 1,100,261 dola**

Sit 1030 East Dominick Street la se yon ansyen estasyon gazolin ki date depi ane 1950 yo. An 1999, yo te retire twa tank depo soutè (underground storage tanks, USTs) yo, e depi lè sa a, sit la te opere kòm yon enstalasyon antretyen ak reparasyon otomobil. Finansman an pral itilize pou aplike [plan](#) netwayaj DEC ki pral adrese tè ak dlo soutèren ki kontamine ak konpoze òganik volatil (volatile organic compounds, VOC) ak konpoze òganik semi-volatil (semi-volatile organic compounds, SVOC).

### **Konte Onondaga**

#### **Vil Syracuse - 472,770 dola**

Sit Zip Zip Mini Market la te fonksyone kòm yon biznis pou vann gazolin an detay jiska 1997, lè yon dife te detwi bilding sèvis la. Yo kwè ke ontaminasyon se rezilta kat tank depo soutèren, ki te rete nan pwopriyete a san yo pa te fèmen yo byen. Finansman an pral itilize pou aplike [plan](#) netwayaj DEC la ki pral adrese tè ak dlo soutèren ki kontamine ak VOC, SVOC, pestisid, ak metal tankou plon ak zenk.

### **Konte Westchester**

#### **Vil Bedford - 386,911 dola**

Sit Crusher Road se te lokal Depatman Travo Piblik Vil Bedford la depi plis pase 50 ane. Finansman an pral itilize pou aplike [plan](#) netwayaj DEC ki pral adrese tè ak dlo soutèren ki kontamine pa VOC, espesyalman tetraklowoetilèn (PCE) ak pwodwi degradasyon ki asosye li yo (triklowoetilèn, dichloroethane, ak klori vinil).

### **Konte Oswego**

#### **Vil Fulton: 225,007 dola**

Sit 308 Harrison Street (Ansyen Fulton Mall) te itilize pou operasyon fabrikasyon soti ane 1907 jiska 1955. Jounal istorik yo endike ke yo te itilize sit la kòm yon sit depo fatra solid minisipal ilegal pou omwen yon ane, azalantou 1916. Yo te itilize sit la kòm yon enstalasyon demenajman ak depo soti nan ane 1960 rive nan mitan ane 1970 yo. Plis resamman, se te sit Fulton Mall, ki te demoli nan otòn 2003. Finansman an pral itilize pou aplike [plan](#) netwayaj DEC la ki pral adrese tè ak dlo soutèren ki kontamine ak VOCs, SVOCs, ak metal tankou kuiz ak plon

### **Konte Orange**

#### **Vil Newburgh - 73,064 dola**

Sit 7-11 Johnes Street la se yon ansyen biznis lavaj dray kote yo te estoke petwòl anba tè. Biznis la te ouvri an 1954 epi li te opere pou apeprè 40 ane anvan vil Newburgh te pran pwopriyete a pou aryere taks. Finansman an pral itilize pou aplike [plan](#) netwayaj DEC la ki pral adrese tè ak dlo soutèren ki kontamine ak VOCs, SVOCs, ak metal tankou plon ak mèki.

#### **Vil Newburgh - 120,212 dola**

Sit 350-352 Liberty Street la se yon ansyen estasyon gazolin ki te opere depi ane 1954 jiska mitan ane 1980 yo. Sit la te genyen plizyè UST ak yon tank depo anlè tè. Finansman an pral itilize pou aplike [plan](#) netwayaj DEC la ki pral adrese tè ak dlo soutèren ki kontamine ak VOCs, SVOCs, ak metal tankou asenik, plon, ak mèki.

Pou plis enfòmasyon sou ERP, BCP, ak lòt pwogram netwayaj DEC yo, vizite <https://www.dec.ny.gov/chemical/brownfields.html>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418